

Chè fanmi,

Nou swete nòt sa a rive jwenn ou an sante ak an sekirite. Nou konprann se yon moman trè difisil pou ou, epi nou angaje n pou fè tout posib nou pou ede fanmi w nan tan difisil sa a. Pandan n ap ajiste avèk chanjman lavi chak jou ansanm ak angaje nan aprantisaj adistans avèk pitit ou a, n ap fè w konnen konbyen fwa w ta dwe atann pou tande pwofesè w oswa estaf nan pwogram debitan nou an ak ba w kèk rekòmandasyon pou prezans pitit ou a.

Nou ankouraje estaf k ap travay avèk fanmi w lan pou rete an kontak ak sipòte pitit ou pandan tan sa a, epi nou rekòmande pou yo fè omwen de entèaksyon avèk chak timoun oswa fanmi chak semèn. Entèaksyon chak semèn sa yo pral konte pou prezans semèn pitit ou an. Sa ka gen ladan telefòn, imèl ak/oswa lòt kominikasyon dijital avèk pitit ou a oswa manm fanmi an, swa nan gwoup avèk kamarad klas li oswa endividyèl.

Nou vle w konnen ke nou fè pati kominote a, epi nou la pou ou si w bezwen sipò. Lè nou fè kontak avèk ou sa pèmèt nou konprann byennèt fanmi w, asire ou gen sipò ak resous ou bezwen, epi bay opòtinite pou estaf nou an sipòte aprantisaj paran ak timoun lakay. Pandan tan difisil sa a, nou vle asire ke fanmi w konnen pwogram nou an la pou ou.

Si pitit ou an pa kapab patisipe nan entèaksyon aprantisaj adistans pwogram nou an bay la, tanpri fè nou konnen epi n ap fè akomodasyon nesesè yo pou satisfè bezwen w. Yo pa pral penalize w ni mete pitit ou a deyò nan pwogram lan pou absans, objektif nou se pito rete yon sous sipò pou fanmi w pandan tan sa a.

Ale sou sitwèb DOE a nan [Aktivite pwogram debitan yo](#) pou travay lakay san teknoloji, plis nan [lis resous anplis](#) sa a ki gen ladan resous sou entènèt ki ofri nouvo eksperyans amizan, ansanm ak fason pou resevwa kontni pou pitit ou a dirèkteman nan aparèy ou a. Tanpri chwazi aktivite ak platfòm ki travay pou fanmi w ak pitit ou a. Pou tout manman, papa, matant, tonton, paran ki gen timoun leta mete sou kont yo, granpapa ak grann, ak moun k ap bay swen, nou deja konnen fason pou nou ede timoun nou an grandi, pwospere ak epanouwi atravè tan sa a, epi nou la pou sipòte nou.

Tanpri kontakte m nan \_\_\_\_\_ si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.

\_\_\_\_\_, Direktè Pwogram

